Соколёнок

# Лачен

3/2020

май – июнь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# ТАЛИХIАБ РОРЖЕН ДУЕ, ЛЪИМАЛАЗУЛ «МИЛЪИРЩО»!




Хунзахъ районалъул Хьарахьи росулъа ПатIимат МухIамадова нилъеда лъала гьунар бугей шагIир, росдал библиотекаялда гIемерал соназ тIахьазулгун гьудуллъи бугей, гьездаса лъикIабщинаб цIалдезе рачIаразеги гIахьал гьабулей, гьунар бугей, маданияб хазинаялда гьоркьой йигей гIадан хIисабалда.

ПатIимат МухIамадовалъ гьанжесалъ лъималазе хъварал асаразул тIехь къватIибе бачIиндал, нужедаги лъазабизе бокьана нижее, нижер гIисинал цIалдолел. ТIехьалда руго нужее хъварал кучIдулги, гIисинал харбалги. ТIехь берцинго къачIан буго суратаздалъунги.

Гьеб тIехь рагьани хъвадарухъаналъ нужее гьарулел лъикIал насихIаталги, унго-унгоял гIадамаллъун рахъине ккани хьвада-чIвадизе кколеб куцалъулги батила нужеда гьениб. РакIалде ккола нужее сайгъат гьабураб гьеб тIехь нужецаги гъираялда къабул гьабилилан ва тIехьалъул авторалъе ракI-ракIалъ баркала кьелилан. ТIахьал цIалиялъул пайда цIикIкIараб бугелъул, ПатIимат МухIамадовалъул «Милъирщоялъги» цогидал бокьарал тIахьазги нужеда лъикIабщинаб малълъулелъул, гьудуллъи ккве тIахьазулгун!

***

Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ бугеб «Милъирщо» ясли-ахикь кидаго рукIана рекIее асар гьабулел, пайдаял тадбирал. Гьениб щибаб нухалъ загьир гьарула лъималазул махщел-гьунарал. Гьабнухалъ гьениб тIобитIана «ШигIрабазул къо». Исана школалде ине хIадурулел «Золушка» группаялъул лъималаз цIалана Расул ХIамзатовас хъварал Дагъистаналъул, эбелалъул, ракълил, гьудуллъиялъул хIакъалъулъ ва гIемерал батIи-батIиял кучIдул. Эбел-эменги, жалго тарбиячагIиги, цоги гьезухъ балагьизе рачIаралги цIакъ рази гьаруна лъималазул жигараб гIахьалчилъиялъ. Киназго гьезие баркала кьуна ва лъикIал, хинал рагIаби абуна, рекIее къабулал гьара-рахьиял гьаруна.





Биччанте киналго лъималазул гIумру гвангъараб, рохараб, талихIаб ва баракатаб букIине!

## СалихIат ХIасанова

# КIиндахъкечI

Кьижа, дир гьитIинав, кьижа хирияв,
Халатаб гьаб сардил рогьел щвезегIан.
Кьижа, дир гьитIинав, кьижа бабул вас,
Баба йигин аскIой дур рахIат цIунун.
Кьижа, дир гьитIинав, кьижа гьуинго,
ГьечIин дие бокьун дур макьу хвезе.
Кьижа, дир гьитIинав, дица теларо
Тату дур бахъулеб гьаракь чIвазецин.
Кьижа, дир гьитIинав, кьижа хирияв,
Парахалъи дуе гьарила дица.
Кьижа, дир гьитIинав, кьижа хирияв,
Аллагьасул цIобалъ цIунаги лъимал.



# ТIинди росу

Лъилъарал хурзазул меседил гъунал,
Гъалай тIад биччарал мугIрузул тIогьал,
ТIагIамал пихъазул гьарзаял гIархъал,
ТIабигIат берцинаб дир ТIинди росу.
Дир гIумрудул гама киб лъалхъаниги,
Лъаралги гIоралги нахъа таниги,
Свакарал беразе канлъи бихьизе
Буго мун маяклъун гIагараб росу.
Цойги нухалъ росдал лъарал рагIалде
Лълъадал цIезе анищ, гьудул, дун щвезе.

# Цойгиги нухалъ



Цойгиги нухалъ доб хурул ракьанда
Кьижизе бокьила ракI гIорцIизегIан.
Дир рекIел букIараб аваданлъигун,
АхIизе анищ кечI, гьаракьги борхун.
ГIумру чIаголъулел дол сухIматазда
Кьурдизе анищ цо дир кьерилалгун.
ГIумруялъ лъураб гьир, тIохдеги яхун,
Ххарил магь гIадинан, гIодоб реххизе.
Дир лъукъараб рекIел ругъун сахлъизе,
Рагъидаса гъоркье цо балагьизе.
Чваххулеб лъаралда бер кIутIарабго
Кинабго къварилъи кIочон батула.
Гьелъул гьаракь дирго гIинда чIварабго,
ЧIегIерал ургъелал нахъе хъамула.

# КIвахI къватIибе реххана

Патимат Малачиева



Дица, гундбиги рухъун,
Хъабхъихьонал рекьана,
Баччун, гьезде лълъимги тIун,
ТIаде ракги тирщана.

Къо ана, кIиго ана,
«КIочана» дида бахча.
Бакъ бугин багьнагъана,
Гьури бугилан тана.

Гьадинан ихги ани,
Рииги нуха лъуни,
Хаслихълъиги гIунтIани,
БакIариладай нигIмат?

Дица, къахIан гъежги ккун,
КIвахI къватIибе реххана.
Хъатги кьабун, гордухъан,
Макьуги хъамун ана.

РахIатги тIаса гIинтIун,
ПастIание яхъана,
Лугбаздаса хIур кIутIун,
ХIалтIиялда квер бана...

РухI бугел жал кинигин
Гьел къватIире цIирана,
ПастIадул чIабар бацун
КIваралъ цере хъурщана.

Магълъазул къадазухъан
ХъабхъигIарщал ххарана,
Ссанда бегараб гIилъун,
НигIмат гьарза бижана.

Квералда баркат лъуни,
ЗахIматалда тIор бала.
РахIматазе нух тани,
ТIаде рохел чваххула.

Ризкъи, тIалаб гьабуни,
ТIадегIанас дий кьолеб.
ХIалхьуда халат чIчIани,
ЧIунтараб хур батулеб.

# Баркаталъул цIцIад бана



Зодисан рахIмат битIун,
Баркаталъул цIцIад щвана,
БечIан, къулун хутIараб
Горогъаран гъуцIана.

Гургурун чIун рукIарал
ЧIакIултIаналъул тIамхал,
Иту бахъаралгIанги
РитIа-ришун рачIана.

РукIкI-рукIкIун ун рукIарал
Охцерал цIвак-цIвакана,
КьагIудал кьер хурхараб
Хилъало гIурччинлъана.

ЧIурхI-чIурхIарал михъазул
ХъабхъигIарщал цIилъана.
Хвезе бегун букIараб
Бахча тIаде бахъана.

Бакъалъ барссун букIараб
Къечараб ракь гIорцIана.
ХIорчIчIабазда гьекъолел
ХIанчIчIазул къеч буссана.

Къечеялъ мацI бакъварал
Къуркъбуз кучIдул ахIана.
ГIалхуда гIодор ккарал
ХIайванал хвасарлъана.

Зодисан рахIмат щведал,
Дуниялго сахлъула.
Баркаталъул цIцIадаца
ЦIилъун, рухI щулалъула.

# ЛъикIлъиялъул гъветI

Рукъ бакIа-бахарулаго, нужго гIадай гьитIинай ясалда, чIабаралда хъарщи данде щвечIеб бакIалда цо кечIолеб жо бихьанила. ЦIилцIица цебехун лъухьулаго, добе-гьенибехун гирулеб букIанила гьеб. Гьалил мугьгIанаб гурони гьечIеб гьеб берцинлъиялъ рокъоб нур базабун бугилан кколеб букIанила. Ясалъ гьеб босун, жиндирго расанкIабазда гьоркьоб лъун танила. Эбелалъул маххаздаса яги кIилкIаздаса бортараб нагIли батилилан гьебилан кканила гьелда ракIалде. Эбелалда гьикъизеги гIедегIичIого, жиндирго рацIцIаракъалъи гьабун рагIалде бахъинабунила. Сундеялиго мащгъуллъарай ясалда доб кенчIолеб жоги кIочон танила.

Къаси сордо щванила. Ясалда макьилъ бихьанила, жинда батараб гIадаб гваргъарал гьулимаргъалалги тIад рижараб, сверухълъиго къалъизабураб гъветI. Гьелда хIайранлъун, сверухъ ракIарарал гIадамаз гьелде лъикIлъиялъул гъветIилан абулеб букIанила. Радал яхъарайго ясалъ расанкIабазда гьоркьоса доб берцинаб горо нахъе босанила. Екерун ун, эбелалда жиндаго бихьараб макьуги биценила, чIарбида батараб гвангъараб жоги бихьизабунила.

Жиндир къавулълъниги кIиликIмаххазданиги букIараб жо гурилан абунила гьелъ.

РачIайин, нагIлиялъе гьебги лъун, дуе берцинаб баргъич гьабизе месед-гIарцул устарасухъе рилълъинилан чIчIанила яс.

Гурин, гьеб дуда бихьараб макьил гьотIодаса цо мугь батизе кколин гьеб. ЦохIо дие гьабураб баргъичалдаса, гIемеразе гьабураб лъикIлъи къиматаб букIинилан, гьеб нилъерго ахикь бекьани баракат лъезе бегьулин рикIкIана эбелалъ.

Бекьанила эбелалъги ясалъги лъикIлъиялъул мугьги. Нагагь гьеб къватIибе тIирщичIони, лъазе букIинеян, гьеб бекьараб бакIалда гIужги гьабун танила, гьалги рокъоре нахъруссанила. Цокъоялъ, ахикье раккизе арал гьазда, бугилаха бихьулеб, берал рухIилеб гIадаб, паркъолеб, гьаваялде араб гъветI бижун батулеб! Рохханила гьал. Гьеб гьотIол нигIмат бакIаризе лъугьинила. Щванила гIемераб лъикIлъиялъул бачIин. Цодагьалго мугьалги жидеего тун, гьез росдалго мискинзабазе бикьанила лъикIлъиялъул гьотIол нигIмат. ГIадамал хIикмалъанила гьелда. Рохха-хинлъун, гьезги бекьанила лъикIлъиялъул хьон. ХутIарал мугьалги базаралде росун ричун, гьелъухъ цояз унтаразе дару босанила, цогияз ретIел-хьиталъухъ хисанила, лъабабилез кванил нигIматал росанила. ГIолилал васаз жидерго бахIаралъе баргъичкIилкIазда лъунила лъикIлъиялъул нагIли. Цо-цояз, рихха-чIунтарал минаби цIидасан разе харж гьарунила гьел мугьал. Гьедин, цохIо лъикIлъиялъул хьон бекьун, тIолабго росдал гIадамаздаго рес батанила, киназдего гьелъул баракат баханила.

Росдал гІадамаз эбел-ясалъе лъикІлъи бекьарулъухъ ва гьеб садакъа гьабун бикьаралъухъ баркала кьолила, гьезие сахлъи-рохел гьарулила, киназго гьезул адаб-хІурмат гьабулила.

Гьелдаса нахъе лъикІлъиялъул хьон дунялалда гьарзаго бижулеб бугила, амма цо-цоял хъантІун, кинабго жидеего бакІаризе лъугьанила. Цо-цояз гьеб, дол эбел-ясалъ гІадин, жидее щваралдаса закагІат бахъун, мискинзабазухъе щвезабулила, хІажатасе кумекалъе харж гьабулила. ЛъикІлъиялъул хьон рекІелъ тІирщулел гІадамал, къанагІат ругониги, гьезул баркат цогияздеги бахунила. Гьеб кириги гІемераб, гІадамазда гьоркьоб къиматаб ишлъун кколила.



*МухIамад Гунащев*

# ХIадисил колотIа

МугIрузул аххалъуда,
Ахаз буччараб кIкIалахъ,
Цо кьурул гIусалда тIад
Буго некIсияб кули.

Колхозиял соназда
Гьелъул чIудбухъ бижараб
МичIчIиде гIемер анин
Бицуна дир эбелалъ.

Риидал хехаб ралъалъ
Рачуна гьанир бакънал,
Хасало чанил буртIаз
АхIула гьанир кучIдул.

Гьаб колотIа гьанжеги
Колхозалъул букIарав,
ХъахIаб магжил, хъаравул
ХIадис-кIудада вуго.

Живго ХIадисха, лъимал, –
ХIикматав харбил устар,
ХIалхьегIан бакI бихьарав
КIудияв махсарочи.

Цонухалъ гьес бицараб
ГьитIинаб хабар бугин,
Гьудулзаби, гIинтIаме,
Бицинин нужееги:

– Цо къоялъ дун рохьоса
Вуссана доб хьондаса,
Хьопол гулазулги цIун
ХIамаги цебе къотIун.

Къалъудаса бакъ индал
Щвана гьеб къайиялде,
Къвал-кварги бичун, хIама
Бухьана гьеб къотIода.

Цинги босун, таргьа цIун
ЦIоросаролъулъги бана,

Ма, хIалчIахъад, кванайин,
ХIалал бугин дуе гьаб.

ХIамица гъвансиялда
Кунел хIокIал рихьидал,
ЯхI гьабизе кIвечIого
БачIана хIелекоги.

ХIалчIахъадица гозо
Ризго кIетIезабуна,
КIвараб жо босейилан
ГIанкIвалгицин ахIана.

Гьез сверун ккураб хIама
ХIалбачIун, цо пунхъана,
Парххан роржарал гIанкIвал
БакI-бакIалде щущана.

Амма тIеметIибагIар,
ТIуркIичIо гьедигIанго,
Цо къвакъвайги гьабун гьеб
КъадатIе бахун чIчIана.

Цинги кIвараб хIалалда
КIалгьикъана хIамица,
КIалдиб жаниб букIараб
ХIокIги гIодой бортана.

– Вай, дур гозо къотIаяб,
Къвакъвайквеш,
КъватIул гьвеца кванаяб,
Куркьбалгъур.

Кидаго гьаб хIалалда
Дун хIалтIун,
Дир кванде гьесизе дуй
ГьечIищ нич!?

– КIалдиса дур бортараб
КIиго мугъ,
Бищунилан щай пенщолеб,
ЩанкIлалсур?



– Цониги муґь босичIого
Жибго те,
Дие кьураб квен дицаго
Кваназе.

Дур балагьлъун бугин дий гьаб хIалтIиги,
ХIалалаб квен кваналелъул цониги,
ХIалаеги хIажат гьечIин хIелеко!

– У-у-у! РагIанищ?
Щиб балагьдай дуе ккараб дидасан?
Дица гуреб мун хIалтIизе тIамулеб, хIалихьат,
ХIадисин дов дур хважаин, ххвенеххквеш.

– ХIадис вукIин лъала дида хважаин,
Хонжроца гъос къотIагийин дур бетIер.
БитIун радакь дур гIегIеди бахъингун,
Вахъун щола ХIадис-дада тIокъоде.

ХIелекоги бахъанила, дир хIама,
Бахъа гьанже мунги тIаде, кьололин.
Кьабун тIилгун, цинги цебе къотIула,
Къокъиднухалъ гъоркьа-тIаде – рохьобе.

Бихьулищ цо бахьи гьечIеб дур «баркат»,
Бокьаралъуб гIегIедулеб богIоло.

– Огь, дир ахIмакъаб хIама,
ГIакълу гьечIеб жанавар.
Огь, кIудияб дур бетIер,
Огь, гьитIинаб дур пикру!

Дир гIегIеялъ рогьунеб
Жодай гьаб дунял бугеб?
Яги гIегIедичIони,
РогьинчIогодай чIчIолеб?

Дида тIадаб иш гуро
Дунял рогьинабизе,
Рогьунеб бугин абун
Лъазабизе гурони.

Гьедин батанани, мун
Лъица тIамун ахIтIолеб,
Гьаб ракьалда рокьукъаб
Гьаракь гьабун, гьагIдолеб?

– Гьеб дир хассаб кечI буго
РакIгъеялъе ахIулеб,
РикIкIадегIан рагIизе
Бугеб рухIалъ биччалеб.

– Сардилълъ дур кечI хIажатаб
ХIайван щиб бугеб гьаниб?
ХIутI-хъумуралда гIадаб
ГIадалаб гьаракьалъул.

Гьедин жавабги гьабун,
ТIеметIибагIарица,
ТIамун биччана бакъан
БитIун хIамил гIинзуний.

ХIелкий квешезе хIама
ГьагIизехъин букIана,
ГьакIкIалеб букIараб кIал
ХIадисги вачIун тана.

ХIа-хIайилан гьес бохдулълъ
Цо-кIицIул тIилги кIутIун,
ХIама нахъеги ана
ХIалтIизе цебе къотIун.

ХIелекоги къокъана
Къайисверухъ лъугьине,
Къо инегIан гIанкIвазул
Рехъенгун хъирщадизе.

Хъарччигъа-цIумалдаса
ЦIунун руго гьелъ гIанкIвал,
ЦIогьораб царанухде
Ралагьун руго берал.

Боржунеб хIинчIчIалъгицин,
ХIапулеб гьвеялъгицин,
Жидеда тIадаб хIалтIи
ТIубалеб буго гьаниб.

ТIил гIунтIарай кIодолги
КIодол накIкIваб катилги,
Киназулго иш буго
Гьаб ХIадисил колотIа.

ХIалтIи гьечIеб чIаголъи
ЧIваларо сверухъ данде,
ЧIалгIаде сверданхъулеб
БихьичIо рухIчIаголъи.

МухIамад Рамазанов

# Циги гIужрукъги



Ризаб рохьоб, накIкIигъотIокь, цо санагIатаб рукIниб гIумру гьабулеб букIунханила ГIужрукъ. Радал, тIадеги бахъун, чорхое тимар гьабулаанила гьелъ, лъарахъе ун, беркIал чурулаанила гьелъ, бакъинегIан тIадбитIун букIунаанила гьеб. Къо жеги кIудияб букIанала. ГIужрукъил хIалтIиги дагьабги кIудияб букIанила. Хаслихълъи унеб бугила, гьединлъидал хасалоялде рукIун хинлъизабизеги нахърател гьабизеги гIедегIулеб букIана гьеб. Гьедин квалквадулаго унеб букIанила гьелъул заман.

Рохьоб кколареб, лъугьунареб жо букIунарила.

Цо къоялъ рокъобе тIадбуссун бачIунеб ГIужрукъалда накIкIигъотIокь сентIолеб Ци бихьанила. ГIужрукъалъ хIехI хех гьабунила, амма кватIун кканила. Циги тIад чIчIун, гьелъул рукъ биххун анила.

– Вай, Цидук, дуца!.. – ян гурони тIокIаб жоги абизе кIвечIого, цо хIохьодеги бахун, гIодизе лъугьинала ГIужрукъ.

Щибдайин гIодулеб бугебан балагьахъдараб Циялда ГIужрукъ бихьанила.

– Дуе щиб, ГIужрукъ? Лъица мун къварид гьабураб?

– Гьеб дуцаха, хIатIалкIичI! – ан дагьабги цIакъ гIодизе лъугьанила ГIужрукъ. – Цо гIодобе балагье, дуца гьабураб жо бихьизе!

Бихьанила Циялда ккараб жо ва гъал-гъалараб гъванща хъасизе лъугьанила.

ХIохьода гIодобги чIун, квачIалги дализе риччан, магIил тIолеб букIанила ГIужрукъалъ. ЦIакъ ракI гурхIанила гьелда Циялъул. Кинилаха гурхIилареб, гьеб киналъего гIайибияб жибго бугелъул.

– ГIодуге, – ян гьаранила Циялъ, дуего цоги рукъ гьабизе лъугьа, дицаги кумек гьабила!

– Хаселги гIагарлъулеб буго, рукъги гьедигIан хехго гьабун бажариларо. ГIучIал ралагьизе ккела, бакъвараб тIамах баччизе ккела! – ян абунила синкъдулаго ГIужрукъалъ.

– Дица, пакъир, дуе кигІан рокьаниги, гІучІалги хІадур гьарила, тІамахги баччила! ТІасалъугьа дидаса!

Хурханила Ци цо хІохьода тІад, байбихьанила малъаз гьеб тІутІун базе. Цинги къвал цІунила бакъвараб тІамахалъул.

– Ма, бай дуего рукъ, – ан абунила Циялъ.

– Дун хІалтІулеб мехалъ, квен лъицаха балагьизе бугеб?

– Ургъел ккоге, бакъун хутІилареб батила, – янги абун, Ци цо хераб, картІаххараб гьадигъотІода аскІобе анила. ГъотІол рохтиялъуб букІанила найирукъ.



Ци ахІданила:

– Ва, наял! ГьоцІо къваригІун буго!

– ТІокІаб дуе къваригІараб жого гьечІебищ?! – ан, ццин бахъун, зузуданила наял. – Нижеца гьеб хасалоялде данде гьабун буго!

– Диего гуро, къварилъиялде ккараб ГІужрукъалъе къваригІун буго, – ян гьардезе лъугьанила Ци.

– Кварилъи ккаразе нижеца кумек гьабула. Ма, босе, хІатІалкІичІ.

Хъат цІун гьоцІоги босун, Ци гІужрукъалъухъе гІедегІанила. Ракьулъ гІучІалги къазарун, цІакъ гІедегІун, рукъ гьабулеб бугила гьеб.

– Кванай, ГІужрукъ, цІакъ махІги берцинаб гьоцІо бугин, – ан квачІ цебе ккунила Циялъ ГІужрукъалда.

– Дица гьоцІо кунаро, – ян нахъенахъе къанила ГІужрукъ.– Дида гьелъухъ балагьизецин кІоларо.

ГьоцІо кунареб ГІужрукъалда гІажаиблъи гьабураб Цица гьацІул цІураб квачІ гІодобе чІвазе дагьаб хутІанила.

– ЦІакъ гьуинаб гьоцІо буго гьаб!

– БукІаниги щибха?

– Цо махІ сунтІе, халгьабе гьалъул кьералъул берцинлъиялъухъ.

– МахІги кьерги берцинабщинаб жо гурелъулха дие данде кколеб!

– ЩибгІагиха, ГІужрукъ, дуца кунеб?

– Рахь гьекъола, гІункІкІал ккола...

– ГІункІкІалила! – ян цІакъ бохханила ци. – Дир рукІнир гьел цІакъ гІемер руго. Дие гьез хІалхьиги толаро, тувадахъаб дида гьел кквезеги кІоларо. РачІа, дир рукІниб гІумру гьабизе. Дуеги лъикІ букІина гьениб, дирги ракІгьун букІина.

– РачІа, – ян разилъанила ГІужрукъ.

Гьедин гьудулзаби лъугьанила кІудияб Циги гьитІинаб ГІужрукъги. Гьаб жакъаги гьудулзаби ругила гьел. Щайдай? Щайгурелъул, гьезул щибалъ цин гьудулалъул тІалаб-агъаз гьабуна, хадуб гурони жиндирго гьабичІо.

# Ахмадудин Гьитинамухамадов

* * *

Зодил гъугъай гІадин, зирун рагІулеб,
Эбелалъул рахьгун бидулълъ бессараб,
БолмацІ — бахІарчиял дир умумузул
АхІулгохІалъ тарих хъвараб авар мацІ.

* * *

РакІ бечедго бугони,
Рукъ мискинлъи гІайибдай?
Намус сахго бугони,
Черх гІажизлъи балагьдай?

Рукъ ресукълъи хІебтІила
РекІелъ бечелъи бугес,
Черх гІажизлъи хІехьела
ХІур хъвачІеб намус бугес.

* * *

Дирго ругел анищан кколел лъимал рихьидал,
РухІдаллъизе бачІуна гьезул эбел-инсуда.
ЛъикІав чиясул баркат чидаеги щолелъул,
Лъимер гІадин, роххалил асараз веэдула.
Чияр роххел-къварилъи гІахьал гьабизе лъаялъ
ГІадан кІодо гьавула, гІамал берцин гьабула.
Эбел-инсуй баркатлъун, рохеллъун кьурал лъимал
Жидедаса жамагІат чІухІулеллъун рахъаги.



# Дида эмен лъаларо



Инсул гъумер лъаларев,
Эсул рокьи бихьичIев,
Дун вуго дол цIадулал
Рагъул соназул лъимер.

ВатIаналде фашизмалъ
БачIараб зулму-балагь
НахъчIвазе, рекIел ахIуд
Рагъде ун вуго эмен.

Эбелалъ бицухъе, дун
Эмен нуха регIулеб
Мехалъ лъагIел тIубачIев
Лъимер вукIун вугоан.

Инсул гIумрудул дарсал,
Тарбия-малълъ дий щвечIо,
ГIолохъанлъи аниги,
ГIолев гьечIев куц щиб эв?

ГIакълу кьезе, мугъчIвазе
ЧIаго вукIарав анищ
Эменин ккарал къояз
Керен чамги бухIана.

Эмен вугел лъимазда
РухIдаллъун вукIунаан,
Пашманлъи-чидакълъидул
Чам дица хIалбихьараб.

Инсул хабар лъаларо,
Эв рагъдаса вуссинчIо,
ХобгIаги лъалеб анищ
Абун, ракI ссудулеб куц.

ЦIа гIадинав бихьинчи
Эв вукIанин бицуна.
Чухьарлъун, иях рехxун,
Эмен хвечIевлъи лъала.

ГIумру маргъу гурилан,
Бихьинчияс бачIараб
Баллагь борхизе кколин
Абулаан эбелалъ.

Бесдаллъидул кьогIлъи элъ
Дида лъазе биччачIо,
БахIарчияй эбелалъ
Эменлъиги гьабуна.

ГIадамал чадикълъиялъ
Чурхъулел рагъул соназ,
Сундулълъго рухI боххаялъ,
ХIажалъи лъазе течIо.

ЛъикIаб-квешаб малълъана,
Рокьи-хинлъи бикьана,
Кьерилазе багьана,
Дун валъаргъизе кьечIо.

Инсул сипат бихьичIо,
Суратцин кодоб щвечIо,
Эбелалъ, магIу къулчIун,
ЦевечIезавулаан.

Дий гIоло гIумру кьурай,
ГIадамалълъе вахъине
Гьавурай эбелалъе
Алжан шапагIалъаги.

# ГЪАЛБАЦI ЩАЙ ХАНЛЪУН ККОЛЕБ?



Гъалбацl рохьил хlайваназул ханпаччахlлъун рикlкlуна. Щайгурелъул гьеб тlаде балагьунги гьединаблъун бихьулелъул. Гьелъул бецlмеседилаб яги чlегlерсурмияб жалалъги гьелъие цо таж лъураб гlадаб чlухlараб ва хъачlаб сипат-сурат гьабула. Гьелъул гьаракьги жинс-куцалдаса нахъе ккараб гьечlелъул! Жиндирго гlамал-хасияталъулъги гlемериселъ къираллъиялъул хьвада-чlвади загьир гьабула. Жиндирго гьудул яги кодобе щвараб чан цlунулелъул гъалбацlалъ рекlел лъикlлъиги бихьизабула божилъиги ритlухъ гьабула.

Бихьинал гъалбацlал жидеего «хlакимлъиялъе» гlоло рагъулеб мехалъ, гьезул ризаб, гъалгъалараб жалалъ цогидал къуватал жалго гlадал гъалбацlазул гажаздасаги малъраздасаги габурги бетlерги цlунула. Жал ризабгlан ва кlудиябгlан бихьун гьелъие тlалъиги кверщелги цl кlкlун щола. Цlуяб гъалбацlалъул жал букlунаро.

Леопардалго гlадин, гъалбацlалги чlахlиял кутузул тайпа ккола. Гъалбацlазул хъизамаз цадахъ гlумру гьабула ва чанареги гьел сардилълъ цадахъго рахъуна. Бецlлъуда гьезда канлъи лъикl бихьула. Гьез чан гьабула ритlучlазде, гlалхул хlамузде ва цогидалги хlайваназде. Гъалбацlал гlакъилал, къохlехьолел, ругьун гьарун бажарулел, цирказда, жидее гьабураб амруялда рекъон мукlурго, гьунарал рихьизарулел хlайванал ккола. Гьезул къаркъала ччорбаххараб, гьерхьал ругеб, гьумер халатаб букlуна. Бихьинаб гъалбацl цlуялдаса гlемерго бакlабги букlуна. Гьеб кутакаб къуватаб хlайван ккола. Рачlчlги гьелъул тlеренхалатаб, тlогьиб ракьаги бугеб букlуна.

Жиндирго хъизамалда хадуб халккун, бихьинаб гъалбацl чlухlун гlодобги чlун, балагьун букlуна, жидер сверухълъиялъул хlинкъигьечlолъи цlунун. Цоги жанавар аскlобе гlагарлъунгутlизе гьеб кlудияб, сверухълъиго агълъиледухъ, зоб гъугъалеб гlадаб гьаракьалдалъун гъулгъудула. Гьелъул гьаракь чамго километралъул манзилалъ рикlкlаде рагlула. Амма гъалбацl цlакъ кlвахlалаб хlайван ккола. Гьеб сордо-къоялда жаниб 20 сагlаталъниги кьижула.

Гъалбацlаз гlумру гьабула хинал улкабазда, салулал бакlазда. Гьединлъидалин гьелъул кьерги гlубиллъиялдаса тlугьиллъиялде араб, салул авлахъалда хехго халлъулареб букlунеб.

Гъалбацlил малъраз гъоцlоца гlадин ккола чан, цабийин абуни гьелъул чармил гlадал къвакlарал рукlуна. Гьелъ цо ригьалъ 10 килограммгlанасеб гьан кванала.

Гъалбацlил тlанчlи цlакъ хlинцго, щуго-анлъго соналдасан гурони кlудиял гlоларо. Гьез цоцазе кумек гьабула тlанчlи гlезаризе, гьел кванazаризе.

Африкаялда гlумру гьабулеб гъалбацlалъ, ракlчlчlун тlоцебесеб бакl ккола. Гьелъул халалъи 2,4 метралде, цlайи 280 килограммалде бахуна.

Гъалбацl цlакъ берцинаб ва ццидалаб катил тайпалъунги ккола.

Цонухалъ божизе захlматаб лъугьабахъин ккана. Телеоператораз бахъун букlана бацlица эбелги чlван, хутlун букlараб ритlучlил тlинчl цlуяб гъалбацlалъ хахизабун гlезабулеб букlараб куц. Амма бихьинаб гъалбацlалъ, тохлъукье тlадеги кlанцlун, ритlучlил тlинчl чlвана. Гьелъие эбеллъи гьабураб гъалбацlин абуни, жиндирго тlинчl камураб гlадин, гурхlалаб хlалалда букlана...

# ХIанчIчIазул дуниял,
# Цо дур берцинлъи!







**Аза-азар хIинчI буго**
**ХIикматаб дунялалда,**
**ХIулаби тIугьдул гIадал,**
**ГIабгIигин-гIамал батIиял.**
**Алжаналъул хIинчIчIилан**
**ЧIалгIадейищ абулеб,**
**Эзул кваркьи-милъиралъ**
**Мунго хIайранлъуларищ!**
**Гьаракь-бакъан батIиял,**
**Бусен-роржен релълъинчIел,**
**Жиб-жибалъул гьайбатлъи,**
**Аллагьасул хIалкIолъи!**











# Умумузул гIакълаби

***

Бекьараб гурони хуриса бачIунареб.

***

Гьарзалъиялъул эбел – захIмат, гьечIолъиялъул эбел – рахIат.

***

Нилълъ кьижараб мехалъги мегъ кьижулареб.

***

Нилълъеда ракь кIочон тани, ракьалда нилълъги кIочонел.

***

ХъуштIунрекьи гьабурас гьабихъ чIвагъ ххине кколеб.





# Бесдалав маргьу



ВукIанила, вукIинчIила, гьитIинго эбел-эменги хун хутIарав цо бесдалав вукIанила. ГурхIарас хинкIчед кьун, бахъарас ретIел-кун кьун, хвечIого-инчIого ворчIанила гьев.

ГIунила гьесул жиндиего бетIербахъи гьабизе кIолев гIолилав. Щиб щваниги, хIалтIи гьабулаанила гьес, хIалтIун щваралдаса разиго вукIунаанила гьев. Щвараб мухьги мочол чадил мочIуялъухъги хIанил кесекалъухъги кьолаанила.

Къаденахъе, хIалтIи гьабун лъугIараб мехалъ, кваназе гIурул рагIалде унаанила гьев. КвенчIелалда хутIараб хIанилги чадилги ричIчIи гьес гIурулъе ччугIбузе балаанила. ЧчугIбиги гьесде цIакъ хехго ругьунлъанила: гьав гIурухъе вачIингун, гьел рагIалдегIан рачIунаанила, кидадай гьас жидее кваназе жо кьелаан, ралагьун чIун рукIунаанила. Дагь-дагьккун гьел гьасул хъатинисан кваназегицин лъугьанила.

Гьасда гъоркьехун ччугIа кколев вукIунаанила кIудияб рагI гIадаб чехьалъул, бугъил гIадаб габуралъул, хьаг гIадаб куцалъул цо чи. Цо къоялъ гьев ччугIби кваназарулев васасда аскIове вачIанила ва, гьесде бер-ракI щвечIого, гьадин гаргадизе лъугьанила:

– ВахI, дица кквелалде ччугIби кьара гьарулевищ мун вугев? Дуе гьездасан щолеб жогIаги щиб бугеб?

«ЛъикIлъиялъухъ – лъикIлъи, квешлъияхъухъ – квешлъи» – ян аби бугила, щибила лъалеб, цо гьезде ккараб къоги бачIине бегьулилан абунила васас. Гьесул жавабалдаги велъун нахъе анила ччугIакколев.

Анила цо чанго сон. Цо къоялъ хIалтIи балагьулев базаралда сверулев вукIанила гIолохъанчи. Дов ччугIа кколев чияс, абураб мухьги кьелин, жиндир хIалтIухъанлъун вукIайилан гьаранила гьесда. Бесдалавги разилъанила.

ЧчугIакколес базаралдаса цо оц босанила, гьебги цебе къотIун, магIардехун валагьун анила. Гьесда хадув бесдалавги вилълъанила. МагIардаса гъоркье щвейгун, ччугIакколес, гIодобги тIамун, оц хъунила, цинги гьелда тIаса тIомги бахъун, залимаб къвачIа гьабунила. Гьанги гIурулълъе биччанила. Абунила гьес васасда, цониги бакIалдаса гьаб багьун бугищали бихьизе, къвачIиниве лъугьайилан. Лъугьанилаха гьавги. ЧчугIакколес хантIан къвачIил кIал бухьанила. КигIан къеркьаниги, кIвечIила бесдаласда къвачIиниса къватIиве ворчIизе.

Цо заманалдасан гьесда лъанила жив цо сунцаялиго гьаваялде восун унев вукIин. Цо сагIаталдасан цо бакIалда рештIинавуравлъиги лъанила гьесда. КъвачIа багь-багьараб мехалъ лъанила гьасда жиндиего ккараб жо. Вугила гьав чудказ борхатаб магIарде хъамун. ХIалицаго вахъанила гьав къвачIиниса къватIиве. Эхеве векеранила, эхеде дуранила гьав – магIардаса гъоркье вачIине нух балагьулев вукIанила. КигIан балагьаниги, батуларила гьеб. ГIассиял ссиртал ругила кьурда сверун, хIанчIчIил малъ балебгIанги квер базе бакIги гьечIила.

Тира-сверун свакарав вас хIухьбахъиялъе кьурул рагIалда гIодов чIчIанила. Гьоба аххада жинцаго ччугIби кваназарулеб букIараб гIорги бихьанила гьасда, гIурул рагIалда эхетун ччугIа кколевги вугила. Вореян ахIанила васас, гьаян жаваб кьунила ччугIихъанас. Жив гъоркье вахъизе кумекан гьаранила васас. Кумек гьабилин, цин хIатIикь бугеб гIарац-месед гъоркье баян абунила ччугIакколес.

Валагьанила вас гIодове – бугизеги бугила мегIералъул тIогьго месед-гIарацалъул цIун. Ургъанила вас, ургъанила, цинги гьасда ракIалде кканила: щибин лъалеб, месед-гIарац гъоркье бани, ччугIа кколес жив гьанивго тезеги бегьулин, щиб кканиги ккезегIан, гьес малъараб гьабун лъикI гурилан. Гьанжеги цо хIалихьалъи гьабизе бегьулин гьес жиндие.

Анила къо, анила кIиго, анила лъабго... Къойил вачIунаанила ччугIа кколев кьурда гъоркье, къойилго, месед-гIарацги щвечIого, нахъеги унаанила. Ахирги хьулкъотIарав гьев вачIинего вачIинчIила.

Васасул къойидаса къойиде гьекъезе лъим гуреб, квине ххерцин гьечIеб магIарда хIал дагьлъулеб букIанила. ХIукму кканила гьасул бокьараб бахъаян, кьурса гъоркье гIурулълъе кIанцIизе. Нагагь чIаго хутIани букIинеян, чанго гIерекъ меседилги рехьанила гьес гIурулъе.

Таваккалги тIамун, векерунги ун, кIанцIун виччан танила гьев гIурулълъе. ГIодове кин щваравали гьесда лъаларила, лъалеб жо бугила: гьесда сверунги мугъалда гъоркьги ччугIби ругила, гьез гьав гIурул рагIалде цIцIалев вугила.

ХвечIого-инчIого хутIарав вас хIалтIи балагьизеян базаралде вилълъанила. Данделъанила вас гьанжеги дов ччугIакколесда. Васасда гьев вихьаравго лъанила, амма гьесда, анкьица кваначIого, хIалакълъарав вас ватIа гьавизе лъачIила. Кьураб мухьалдаги разилъун, гьесие хIалтIизе къотIикъай гьабунила.



Босанила ччугIа кколес базаралдаса цо кьарияб оцги, къокъанила гьал добго мегIералда гъоркье. Хъунила оцги, къвачIа гьабун, ччукIанила гьебги. Гьанги гIурулълъе биччанила. Абунила ччугIакколес, къвачIа багьун буги-щали бихьизе, гьелда жаниве лъугьаян. РекIеда ватизе течIого, васас оцол бетIергьан къвачIинив къазавунила, щулаго гьелъул кIал бухьанила, живгоги гIурул рагIалдегIан ун, валагьун чIчIанила.

РачIанила цо заманалдасан роржун чудкал, анила гьез къвачIа магIарде хъамун. Кидадай ччугIакколев кьурул рагIалде ваккилаян вукIанила гьав. Гьа, месед-гIарацалъ гIорцIулев вигищилан ахIанила васас гъоркьан, бакъанида кьурул рагIалде ваккарав гьесде. ГIемераб меседги кьелин, жив гъоркье вачине кумек гьабеян гьардезе лъугьанила ччугIакколев. Валлагь, вачинарин, цIуралъухъ цIураб кьолеб жо бугин гIорто, кигIан гьарданиги, дуца дунги вачинчIин, дун гIадин, мунги гIурулълъе кIанцIеян ахIанила бесдалас.

Лъанила ччугIакколесда жив къвачIинив къазавурав чи тIоцеве жинцаго махсароде ккурав гIолилав вукIин. ТIокIаб рес букIинчIила гьесул – кIанцIун виччантанила гIурулълъе. Амма цониги ччугIаялъ гьав хвасар гьавизе гIамал гьабичIила. ГIуруца восун анила гьев.

Анила гьелдаса нахъе цо чанго къо. ХIалтIаралъухъ щвараб мучаридул мочIуги хIанил кесекги квине бесдалав гIурул рагIалде вилълъанила. ЦIакъ гIажаиблъанила жакъа гьав: гIурул рагIалде ракIарун ччугIбиги ругила, гьезда цебе цо кенчIолеб жоги бугила. Вилълъанила аскIовегIан – ругилаха дол жинцаго кьурса гIодоре ран рукIарал меседил гIеркъал. Вохха-рав бесдалав, кодоб букIараб квенги ччугIбузе кьун, меседги босун, рокъове тIадвуссанила.

ЛъикIаб мина банила гьес, гьайбатай чIужу ячанила, жиндаго релълъарал васал гьарунила, чIужуялда релълъарал ясал гьарунила. Гьаб жакъаги ругила гьел талихIаб гIумруялда.

Цо-цо, хъизан-лъималги цадахъ рачун, гIурул рагIалде ччугIби кваназаризе инеги кIочон толарила гьесда.

*Маргьу бицана С.ГIалихановас*

***

МугIалимас лъималазда гьикъана:

– МоцIищ нилълъедаса рикIкIад бугеб, Африкайищ? – илан.

– Африка рикIкIад буго, мугIалим, – абун жаваб гьабуна ГIумарица.

– Щай? – абун гьикъана мугIалимас.

– Щайгурелъул, моцI нилъер щивасда бихьулелъулха. Амма Африка бихьарав чи росулъ цониги дандчIвачIо дида.



# Соназул хӀурги кӀутӀун...

*Нилъер халкъалъ нус-нус соназ сокIкIун, гIелаз гIелазухъе кьун нилъехъе щвана бечедаб хазина – халкъалъул кIалзул гьунаралъул ирс. Гьелда гьоркьоб лъималазе ахIулел кучIдузги хассаб бакI ккола.*



# Васазе



Вортулелъул – цевехъан,
Лълъутулелъул – хадухъан,
ХIинкъаразул ракI ккурав,
ЦIакъазул хьибил ккурав.
Рохьор ругел цIцIаназе
ЦIорор рачун цIцIам кьурав,
ЦIорор ругел ритIучIал
Чагъанадухъ кьурдарав,
РитIучIалъул лълъарада
Лълъамамесед бекьарав,
Юргъачода рекIарав,
Чарчараб байрахъулав.
РекIиндал чода лъалев,
РещтIиндал бода лъалев.
ХьвацIихьитал цIвакарав,
Хьитирухьен щулияв,
Щвараб гIорлъун хIалтIулев,
ХIалтIуда свак лъаларев.

# Ясазе



Берал цIадулай,
ХIатIал хIанчIчIилай,
Гъаракь мокъокъилай,
Къадру тIавусилай.
Ясазул жахIда ккарай,
ХIалтIуда речIчIи гучай,
ГIолилазул кьал ккарай,
Кьибилалъул берккарай,
Росулъ тIокIай дир месед.

# ЭБЕЛАЛЪУЛ РОКЬУЕ ГІОРХЪИ ГЬЕЧІО

Нилъер щивасул чохьол эбелалдехун бугеб рокьи, щивав чиясе жинди-жиндие хасиятаб, рагІабаздалъун цогидазе бицун бажарулареб букІуна. ГІисинал лъималаз эбел камиялъул къварилъи бухІараб, цогидазул ракІ гурхІулеб магІидалъун загьир гьабула.

ГІемерисел гІумру арал кІудиязулцин, лъимал гІадин тІатун гІодичІониги, эбелалъухъ ракІ жанисан гІодулеб букІуна. Улбузде бугеб лъималазул рокьиялде дандеккун, лъималаздехун эбелалъул рокьи ракьалдаса зобгІан кІудияб, жиндир гъварилъиялда хадур гъезе кІолареб буго.

Тохтурзабаз цо гІаданалда абун буго гьелъие сакъат бугеб, цояб гъеж-квер гьечІеб лъимер букІине бугилан. Тохтурзабаз лъикІаблъун бихьизабун буго гьеб лъимер хвезабизе. «Дие гъеж-квер гьечІеб лъимер бижарав БетІергьанасул гьеб ишалъулъ цо маслихІат батила» – ян абун буго гьелъ. Гьеб къоялдаса нахъе тІокІай тохтурзабахъеги инчІого, йикІинесей эбелалъ бакІарун буго хадубккун гІажизаб лъимадуе гІумру гьабизе бигьа гьабиялда хурхараб кинабго хъвай-хъвагІай, лъазабун буго гьелъие кинаб протез ва киб хІадуризе бегьулебалицин.

Лъимадул тІоцебесеб гІодиялъ гьей эбеллъун яхъин лъазабун буго. ЧІарахъаналъ лъимер гьелда бихьизе цебе ккун буго. Вай, хІикмат! Эбелалдла хурхине хІадурго гІебеде ритІарал квералгун балагьун буго гьелъухъ лъимер. Лъимадул гъеж-кверaлда бихьун гьечІо кинаб бугониги гъая-сакъат. Гьебго кинаб хІикмат? Тохтурзабазул халгьабииялъул гъалатІищ яги жеги гьабичІеб лъимадехун эбелалъул букІараб рокьиялъухъ ХІалкІолес эбелалъе кьураб сайгъатищ гьеб? Гьеб гуребдай эбелалъул лъимаде бугеб рокьиялъул хІалкІолъи?

***

Цо эбелалъ лъабцІул хабалъа вахъун вуго жиндирго вас. ГІолохъанлъуде вахарав вас ун вуго цевего Германияла гІумру гьабун чІарав жиндирго инсухъе щвезе. Германиялда гьев вас мехтарал гъалмагъирчагІаз чІван вуго ва гьенивго вукъунги вуго. Эбелалда гІемер гІакъуба бихьун буго гьениса бахъун васасул жаназа Россиялда букъизе босизе Германиялъул хІукуматалъ изну кьоларого. Ахир-къадги, изнуги щун, вас Омск шагьаралде восун вачІун вуго. Чанго соналдасан эбел гочине ккун йиго жиндирго гІолохъанлъиги васасул лъимерлъиги жаниб а раб цоги шагьаралде. Вас гъоркь тезе кІвечІого, эбелалъ цІидасан къиматаб табутги хІадур гьабун, хабалъаги вахъун, гьелда жанивги лъун, самолеталда жиндаго цадахъ восун цІияб бакІалда вукъун вуго. Заман гьоркьоб иналде эбелалда рагІун буго гьеб шагьаралъул хабалалъ цІиял хобал рагьун, пасат гьарун ратулел ругилан. Васасул хоб инжит гьабиялда хІинкъарай гьелъ, нахъеги хабалъаги бахъун, васасул жаназа жийго йигеб рокъоб лъун буго. Гьеб хабарги рагІун гьенире арал журналистазда гьелъ бицун буго: «ТІоцересел къояз рокъоб бахъараб махІалъ хІухьел цІазе толеб

букIинчIо, берал рухIизарулаан. Дица жаназа дугIа гьабураб лъеца чурун хадудса махI тIагIана. Щибаб къоялъ дица васасул тIад тIом бакъвараб гьумералда биччараб квер бахъула. Дида лъала дица гьабураб иш гIадамазул хьвадачIвадиялъул къагIидаялдаги, дуниял тIалабаздаги рекъон кколареблъи. Гьедин букIаниги, дир цойги рес гьечIо. Дир гьечIо ургъел бикьизе, хабар бицине чиги. Дун йиго Лъималазул Рокъой гIурай гIадан. Щибаб къоялъ васасул жаназагун гаргадула дун, гIемерисеб мехалъ гIодулей йикIуна» – ян.

Хъвалеб буго, гьей пакъирай эбелалъ жиндирго гIумрудул хутIарал къоял тIоритIулел ругин, вокьулев васасул рукьбазда тIад гьан бакъвараб жаназаялде ургъелги бикьун. Гьелъ гьарулеб бугила жий хун хадуб васасул жаназа жинда аскIоб цого хобалъуб букъеян. МагIарулазул кIалдиб гIемерго ругьунаб гьари буго: «ГурхIараб бихьугеги, хIинкъараб бачIунгеги» – ян.

МухIамад Гунащевас эбелалъул хъвараб кочIолъги руго гьадинал рагIаби:

**«Лъимадуе чадихъ чанги эбелалъ**
**БахIарлъуй босараб бичана ретIел,**
**Чорхол рухI тIадги кьун, хIурматги**
**гьабун**
**ХIалхьияла рокъор хьихьана херал.**
**Баркала нужее, росдал руччаби,**
**Нужер къвакIиялъухъ,**
**къохIехьеялъухъ...**
**...Баркала нужее, росдал руччаби,**
**Нужер хIеренлъидухъ,**
**хIалимлъиялъухъ.**
**ГьитIинго эбел хун бесдал хутIарав**
**Кодове вачун дун веэдаралъухъ.**

Расул ХIамзатовасул кочIолъги руго гьадинал рагIаби:

**«...Гьулакалда лъурабги**
**Лъимер буго дуй, эбел,**
**БотIрол рас хъахIлъарабги –**
**Гьадабго лъимер дуе» – абун.**



## ГЬАЗ НИЛЪЕЕ ТАНА ЛЪИКIАЛ АСАРАЛ

*Мухlамад Шамхалов*

# ГIИСИНАЛ ГIАЛИМЗАБИ

ГIемер руго нижер ракьалда мугIрул. Амма гIемерисел цоццазда релълъинчIел руго гьел. Цояб – квачIидбахъараб чуйин ккола. Цогидаб – бегараб циялда релълъуна. Гьезда гьоркьоб Гьаназа мегIер бихьула гIиял рехъалълъ варани гIадин. ТIоцебе гьелъул тIогьазе кьола багIарбакъул чIораз салам. ТIарамагъада гьабула гьелулгун къолъикIги. Гьаназа бихьула рикIкIадасан. Гьенисанги бихьула бащдаб Дагъистан.

Ххер гьуинаб, лълъим гьарзаяб бугониги, щаялиго къанагIат гурони дир инсуца рехъен бачунаро гьенибе. Лъаларо, цIад балин, гьури бахъинилан хIинкъулев ватила. Цогидал мугIрузда цIад балеб мехалъ, гьенибе гIазу яги горо-цIер бала.

Гьале цо сордоялъ инсуца абуна:

– Метер рахина нилълъ Гьаназа магIарде.

Дун воххана.

– Метер цIад балародай, дада? – ян гьикъана дица.

– Баларо.

– Гьуриги бахъине гьечIищха?

– ГьечIо.

Дун тамашалъун хутIана. Кин инсуда лъалеб метер лъикIаб къо букIинеблъи? Дун зодиве валагьана. Биххараб рехъен гIадин, щущан руго накIкIал. ЦIвабиги дагь гурони рихьулел гьечIо. Дун божичIо.

– Лъица дуда абураб, дада, метер лъикIаб къо букIине бугилан?

– Гьале гьаз бицунеб буго, – ян абуна инсуаца, найил тIулбуздехун бетIерги гьанкIун. – ГIенекке цо, тIу-тIу-тIу-ян гьезул тIутIуялъухъ.

Дунги эменги гIодорчIун рукIана найил тIулбузда нахъа. Амма инсуда рагIараб жо дида рагIулеб букIинчIо. ЦохIо гъунаб шуш букIана найил тIулбузда жаниб.

– РагIулеб гьечIо, дада. Цого ж-ж-ж буго.

– ЛъикI гIенеккеха, наязухъ гIенеккизеги лъазе ккола, – ян абуна инсуца.

Дун нахъеги гIенекканa, хIухьелги ккун. Добго ж-ж-ж буго. Амма гьоркьо-гьоркьоб загьирго рагIизе луъгьана тIу-тIу-тIу-тIу – ян тIеренаб гьаракь.

– РагIулеб буго. РагIулеб буго! – ян ахIдана дун.

Эмен сагIтиде валагьана. МухIканго щибаб кIи-кIи минуталдасан рагIулеб букIана гьеб гьаракь.

– Щибха, тIу-тIу-тIу-у-ялъул магIна кколеб?

– Метер роцIцIараб, хинаб къо

букIине бугила, рикIкIаде сапар гьабизе бегьулилан абулеб буго.

Дун хIикмалъизавуна инсул рагIабаз. Кида ва кин гьесда наязул мацI лъараб?

– Наяз гьереси бицунарищ, дада? – ян гьикъана дица.

– Наязда гIемераб жо лъала, амма гьереси бицине лъаларо, – ян абуна гьес.

Кидадай сордо рогьинаян ккана дида. ГIемераб мехалъ кIвечIо кьижизе. ЦIакъ бокьун букIана наяз бицараб жо битIун кколищали бихьизе. Дун божулев вукIинчIо гьадинав кIудияв, гIумруялъ вехьлъун вугев дир инсуда лъалареб, кIиго класс лъугIарав дида лъалареб жо гьал гIисинал хIутIазда лъалеб батилилан.

Кьижун ккаравго, макьилъ бихьулеб буго: гьугъалел зобал руго, чваххулел иххал руго. «Балагье, балагье! – ян ахIдолев вуго дун. – Дур гьал ахIмакъал хIутIазда расги лъалеб гьечIо. Кинха я школа, я тIехь, я радио гьечIел гьазда лъалебги?»

Радал хеккого вахъана дун. Гьаназулъул тIогьир бакъул чIорал рештIун рукIана. Радалго тамашаяб чIаголъи бугоан наязулги. ГIедегIун унел цоял, гьединго гIедегIун рачIунел цогидал ругоан. Воххарав дун ахIдана: «Баркала нужее, гIисинал гIалимзаби!»





Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

3/2020
май – июнь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** М. Муталимов
**Фото на обложке** З. Ахметовой

Формат 60х84 $^1/_8$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,33.
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 16.06.2020 г.
Тираж 1006 экз.
Заказ № 552.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.